# MIZAJOU NAN PWOSESIS SOU PETISYON ELEKTÈ YO POU ZONAJ LA

3 Septanm 2025

Planning Department

CITY of BOSTON

# BOUTON KONTWÒL ZOOM POU KOUTE ENTÈPRÈT YO

**(EN)** Look for the interpretation icon **(globe)** at the bottom of your screen and select the language you want to hear.

**(Caboverdean)** Djobe íkune di interpretason **(un globu)** na parti inferior di tela y selesiona bu língua ki bu kre skuta reunion.

**(Kreyòl Ayisyen)** Chèche ikòn entèpretasyon ki gen fòm **(glòb)** anba ekran ou an epi seleksyone lang ou vle tande a.

**(Español)** Busque el ícono de la interpretación **(globo)** en el borde inferior de su pantalla y seleccione el idioma en el que desea escuchar.

**(Tiếng Việt)** Tìm biểu tượng phiên dịch **(hình quả địa cầu)** ở phía cuối màn hình của bạn và chọn ngôn ngữ bạn muốn nghe.

**(简体中文)** 查找屏幕底部的翻译图标**(地球仪)**，然后选择您想听到的语言。

**(繁體中文)** 查找屏幕底部的翻譯圖標**(地球儀)**，然後選擇您想听到的語言。

## ENFÒMASYON SOU REYINYON ZOOM + KONSÈY

- **Depatman Planifikasyon an ap anrejistre reyinyon sa a** epi li ap pibliye li sou paj entènèt pwojè Depatman Planifikasyon an. Si w pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri etenn mikwo ak kamera ou.

- **Sèvi ak fonksyon leve men an** (peze ***9** si w ap patisipe nan telefòn) **epi tann yo rele w pou w aktive mikwo ou** (peze ***6** si w ap patisipe nan telefòn) anvan ou poze kesyon oswa bay kòmantè.

- **Kontwòl zoom yo disponib pa anba ekran w lan.** Lè w klike sou senbòl sa yo, ou aktive diferan fonksyon.




**Fèmen mikwo/ouvri mikwo**




**Aktive/dezaktive videyo**




**Itilize fonksyon Q&A la pou kesyon ak kòmantè alekri yo (olye pou tchat)**



**Leve men w pou yo mete w an liy pou poze kesyon oswa fè kòmantè**




**Aktive soutitraj yo**

# MIZAJOU NAN PWOSESIS SOU PETISYON ELEKTÈ YO POU ZONAJ LA

3 Septanm 2025

Planning Department

CITY of BOSTON

# AJANNDA

1 APÈSI SOU MODIFIKASYON ZONAJ

2 MIZAJOU SOU PWOSESIS YO PWOPOZE A

3 PWOCHEN ETAP YO





# APÈSI SOU MODIFIKASYON ZONAJ

1

# BAZ ZONAJ LA

**Zonaj la se yon seri lwa** yo itilize pou gide devlopman, lè li di **fason otorize pou itilize tè a, fòm ak dansite yon bilding oswa yon estrikti** nan yon zòn yo detèmine. Men kèk nan bagay zonaj la regle:




### ITILIZASYON TÈ
*kèk aktivite ki otorize nan yon zòn yo detèmine*



### DIMANSYON BILDING YO
*kantite plas yon bilding kapab pran, wotè li, ak espas lib ki ozalantou li*




### LÒT RÈGLEMAN
*pakin ak chajman, egzijans nan zafè siyalizasyon, otorizasyon pou teras sou do kay, ak anpil lòt bagay ankò.*

**Zonaj la pa konstwi oswa demoli anyen; li aji kòm gid ak limit nan sa moun *kapab* konstwi.**

# MODIFIKASYON ZONAJ

## MODIFIKASYON NAN TÈKS ZONAJ LA

Chanjman nan tèks ekri pou Kòd Zonaj la ki vin nouvo oswa ki mete règ yo ajou pou devlopman.

*E.x. Tèks Zonaj Mattapan*

ARTICLE 60. - GREATER MATTAPAN NEIGHBORHOOD DISTRICT[1]

> ***Footnotes:***
>
> *--- (1) ---*
>
> ***Editor's note***— *Text Amd. No. 467, § 3, effective February 7, 2024, repealed the former Art. 60, §§ 60-1—60-46, and enacted a new Art. 60 as set out herein. The former Art. 60 pertained to similar subject matter and derived from Date of public notice: January 16, 1997 (see St. 1956, c. 665, s. 5); Article inserted on February 27, 1997; As of March 3, 2008; As amended on February 15, 2006; Text Amd. No. 375, § 2a., 11-16-11; Text Amd. No. 416, §§ 55a.—f., 7-2-2015; Text Amd. No. 428, § 3A., 11-9-2017; Text Amd. No. 440, § 10A., 5-8-2019; Text Amd. No. 463, § 4, 8-16-2023.*

IN GENERAL

Section 60-1. - Statement of Purpose, Physical Boundaries, and Applicability.

The purpose of this Article is to establish the zoning regulations for the Greater Mattapan Neighborhood District in accordance with the Greater Mattapan Neighborhood Plan and PLAN: Mattapan, as adopted by the Boston Redevelopment Authority on May 12, 2023.

The provisions of this Article are applicable only in the Greater Mattapan Neighborhood District. The boundaries of the Greater Mattapan Neighborhood District and its subdistricts are as shown on the maps numbered Maps 8A, 8B, and 8C, entitled "Greater Mattapan Neighborhood District," "Boston Zoning Code" all of the series of maps entitled "Zoning Districts City of Boston," as amended.

## MODIFIKASYON NAN KAT ZONAJ LA

Chanjman nan lokalizasyon jewografik ak aplikasyon yon seri règ zonaj byen presi sou yon kat zonaj pou youn oswa plizyè zòn nan Vil la.

*E.x. Kat Zonaj Mattapan*



# KI MOUN KI KAPAB CHANJE ZONAJ LA?

## DEPATMAN PLANIFIKASYON

1. **Depatman Planifikasyon an dirije yon pwosesis piblik** pou zòn jewografik oswa tematik yo, san wete yon angajman piblik enpòtan.
2. **Konsèy Administrasyon BPDA a vote pou mande** Komisyon Zonaj la modifye kòd zonaj la.
3. **Komisyon Zonaj Boston an (Boston Zoning Commission, BZC) vote** pou adopte oswa refize modifikasyon an.

## KONSÈY VIL LA

1. **Konseye Vil la pwopoze yon modifikasyon**, ki refere nan modifikasyon komite, ak òganize youn oswa plizyè odyans piblik.
2. **Konsèy Vil la vote pou mande** BZC modifye kòd zonaj la.
3. **Depatman Planifikasyon an ekri yon rekòmandasyon** sou modifikasyon yo pwopoze a.
4. **BZC vote** pou adopte oswa refize modifikasyon zonaj la.

## REZIDAN AK PWOPRIYETÈ PWOPRIYETE YO

1. **Moun ki fè demann lan kontakte BZC** avèk yon pwopozisyon pou modifikasyon epi li peye $375

X. *Okènn estanda angajman piblik.*

2. **Depatman Planifikasyon an ekri yon rekòmandasyon** sou modifikasyon zonaj yo pwopoze a.
3. **BZC vote** pou adopte oswa refize modifikasyon zonaj la.

# KI MOUN KI KAPAB CHANJE ZONAJ LA?

## DEPATMAN PLANIFIKASYON

1 **Depatman Planifikasyon an dirije yon pwosesis piblik** pou zòn jewografik oswa tematik yo, san wete yon angajman piblik enpòtan.

2 **Konsèy Administrasyon BPDA a vote pou mande** Komisyon Zonaj la modifye kòd zonaj la.

3 **Komisyon Zonaj Boston an (Boston Zoning Commission, BZC) vote** pou adopte oswa refize modifikasyon an.

## KONSÈY VIL LA

1 **Konseye Vil la pwopoze yon modifikasyon**, ki refere nan modifikasyon komite, ak òganize youn oswa plizyè odyans piblik.

2 **Konsèy Vil la vote pou mande** BZC modifye kòd zonaj la.

3 **Depatman Planifikasyon an ekri yon rekòmandasyon** sou modifikasyon yo pwopoze a.

4 **BZC vote** pou adopte oswa refize modifikasyon zonaj la.

## REZIDAN AK PWOPRIYETÈ PWOPRIYETE YO

1 **Moun ki fè demann lan kontakte BZC** avèk yon pwopozisyon pou modifikasyon epi li peye $275

X ***Okenn estanda angajman piblik.***

2 **Depatman Planifikasyon an ekri yon rekòmandasyon** sou modifikasyon zonaj yo pwopoze a.

3 **BZC vote** pou adopte oswa refize modifikasyon zonaj la.

# KI MOUN KI KAPAB CHANJE ZONAJ LA?

## DEPATMAN PLANIFIKASYON

1. **Depatman Planifikasyon an dirije yon pwosesis piblik** pou zòn jewografik oswa tematik yo, san wete yon angajman piblik enpòtan.
2. **Konsèy Administrasyon BPDA a vote pou mande** Komisyon Zonaj la modifye kòd zonaj la.
3. **Komisyon Zonaj Boston an (Boston Zoning Commission, BZC) vote** pou adopte oswa refize modifikasyon an.

## KONSÈY VIL LA

1. **Konseye Vil la pwopoze yon modifikasyon**, ki refere nan modifikasyon komite, ak òganize youn oswa plizyè odyans piblik.
2. **Konsèy Vil la vote pou mande** BZC modifye kòd zonaj la.
3. **Depatman Planifikasyon an ekri yon rekòmandasyon** sou modifikasyon yo pwopoze a.
4. **BZC vote** pou adopte oswa refize modifikasyon zonaj la.

## REZIDAN AK PWOPRIYETÈ PWOPRIYETE YO

1. **Moun ki fè demann kontakte BZC** avèk yon pwopozisyon pou modifikasyon epi li peye $275.

X. ***Okenn estanda angajman piblik.***

2. **Depatman Planifikasyon an ekri yon rekòmandasyon** sou modifikasyon zonaj yo pwopoze a.
3. **BZC vote** pou adopte oswa refize modifikasyon zonaj la.

# LEJISLASYON POU ABILITASYON

**Seksyon 3, Paragraf 2:**

***Nenpòt rezidan nan vil Boston oswa nenpòt pwopriyetè ki gen pwopriyete nan vil la kapab mande komisyon zonaj la*** *adopte yon modifikasyon nan yon règleman nan zonaj la, men, moun sa a p ap gen dwa pou wè komisyon an egzamine pwopozisyon pou modifikasyon li a anmwenske li* ***peye vil la sòm rezonab, si genyen, règleman zonaj la kapab etabli detanzantan*** *menm jan ak pri mwayen yo estime pou vil la bay yon avi odyans sou yon pwopozisyon pou modifye yon règleman nan zonaj la an konfòmite ak dispozisyon ki nan seksyon sa a.*

**Pri aktyèl la, dènye mizajou an 1990, se $275** (~$580 si yo ajiste li selon enflasyon an)

# POUKISA POU METE PWOSESIS LA AJOU?

1 Rezidan ak pwopriyetè pwopriyete yo deja otorize pou voye petisyon bay Komisyon Zonaj la, men, **règ yo flou epi yo pase mòd.**

2 Akoz gwo efò Vil la pa sispann fè pou refòme zonaj la, **rezidan ak pwopriyetè pwopriyete yo vin pi enterese** nan modifye zonaj la poukont yo.

3 Modifiksyon dirèk kòd zonaj la se yon zouti ki bay yon seri mwayen pou aji, men, **li dwe gen règ apwopriye pou garanti yon pwosedi ekitab** ki respekte Plan Aksè Langaj Vil la epi ki an konfòmite ak fason Vil la kondui angajman piblik la.






# MIZAJOU SOU PWOSESIS YO PWOPOZE A

2

# SA NOUVO PWOSESIS LA FÈ

**Fikse egzijans nan kesyon soumisyon** pou Modifikasyon Tèks Zonaj ak Modifikasyon Kat Zonaj.

**Fòmalize Rapò Depatman Planifikasyon an** ak pwosesis rekòmandasyon an.

**Egzije yon Frè pou Demann** ak yon **Frè pou Avi Piblik** pou voye kourye bay pwopriyetè pwopriyete yo epi pou òganize reyinyon piblik;

**Etabli yon pwosesis angajman piblik** ki aksesib, ekitab, epi ki konsistan avèk efò rezonaj Vil la ap fè yo.

Angaje **Depatman Planifikasyon an pou li bay èd teknik** pou pwojè zonaj la.

# RAPÒ SOU DEMANN AK PLANIFIKASYON

**<20 Jou Ouvrab apre Demann lan**

### Moun ki fè petisyon an soumèt demann modifikasyon zonaj la avèk $400 frè demann lan

- $400 frè
  - Ekivalan ak piblisite Odyans Komisyon Zonaj Boston an
- Fèy rezime sou modifikasyon zonaj la (paj 2)
- Pou Modifikasyon Kat la:
  - Kat zonaj ki egziste deja
  - Kat zonaj yo pwopoze a
  - Lis pòsyon tè ki gen yon nouvo zonaj
- Pou Modifikasyon Tèks la:
  - Kopi yo "souliye an vèt" nan tèks zonaj la avèk chanjman ki endike yo

### Depatman Planifikasyon an kreye Pwojè Rapò ak Rekòmandasyon an

- Analiz planifikayon konsènan demann modifikasyon zonaj la
- Pwojè rekòmandasyon pou BZC; fè moun ki fè petisyon an konn pozisyon Depatman Planifikasyon an.
- Mizajou a ap kontinye pandan tout pwosesis la

# FRÈ POU AVI PIBLIK

**<20 Jou Ouvrab apre Demann lan**

## Depatman Planifikasyon an kalkile frè pou avi piblik la

**Voye Kourye bay Pwopriyetè Konsène yo**

- $0,75 pou chak pwopriyetè pwopriyete ki afekte
- Pou Modifikasyon Kat la: pwopriyete ki gen 300-pye nan nouvo zonaj la
- Pou Modifikasyon Tèks la: pwopriyete ki resevwa zonaj ki plis restriktif
- Depatman Planifikasyon an kapab anile frè pou voye kourye yo

**Anons Reyinyon Piblik**

- Pou Modifikasyon Kat la: $300 pou chak jounal nan katye a
- Pou Modifikasyon Tèks la: $300 pou chak jounal nan katye a OSWA $400 pou chak jounal nan tout vil la
- Depans yo pa depase $900

**Odyans Komisyon Zonaj la**

- Pou Chanjman Toupatou nan Vil la: $0
- Pou Chanjman Byen Presi nan Katye a: $300 pou chak jounal nan katye a (san depase $900)

# INISYASYON MOUN KI FÈ PETISYON AN

<20 Jou Ouvrab apre Demann lan | 6 Mwa | Tan pa Presize

**Frè pou Avi Piblik ak Rapò Depatman Planifikasyon an bay Moun ki fè petisyon an**

- Depatman Planifikasyon an voye rapò pwojè ansanm ak frè pou avi piblik li kalkile yo bay Moun ki fè petisyon an

**Moun ki fè petisyon an peye frè pou Avi Piblik**

- Moun ki fè petisyon an deside kontinye oswa pa kontinye modifikasyon zonaj la sou baz Rapò Depatman Planifikasyon an

# TRAVAY AK DEPATMAN PLANIFIKASYON AN

**Tan pa Presize**

### Kòmanse Afine Modifikasyon Zonaj la epi Planifye Reyinyon Piblik

**Modifikasyon Zonaj ki Rafine**

- Depatman Planifikasyon an kreye yon seri pwojè kat zonaj ofisyèl pou mande
- Egzamine modifikasyon zonaj la pou detekte fot/erè ekriti (pa kontni)

**Planifikasyon Reyinyon Piblik**

- Depatman Planifikasyon an ap jere entèpretasyon ak tradiksyon dokiman reyinyon/piblisite yo
- Moun ki fè petisyon an responsab prezantasyon an

### Depatman Planifikasyon an Voye Kourye bay Pwopriyetè Konsène yo

- Frè pou Avi Piblik la kouvri depans pou voye kourye
- Kourye a ap fè pwopriyetè pwopriyete yo konnen yo ap egzamine pwopriyete yo a pou yon nouvo zonaj

# REYINYON PIBLIK AK REVIZYON

Tan pa Presize | >15 Jou Ouvrab | Tan pa Presize

### Anons Reyinyon Piblik

- Anons nan jounal, imèl, ak/oswa kourye yo voye pou fè konnen pral gen yon pwochen reyinyon

### Piblik Reyinyon

- Vin fasil grasa Depatman Planifikasyon an, men, se moun ki fè petisyon an ki plis jere li
- Sal pou koute kòmantè pwopriyetè pwopriyete ki afekte yo, moun nan vwazinaj la, ak tout kominote a

### Plis Modifikasyon ak Rafinman

- Moun ki fè petisyon an kapab modifye demann lan selon kòmantè yo
- Depatman Planifikasyon an kapab modifye Rapò Pwojè ak Rekòmandasyon an sou baz chanjman yo

# PWOSESIS ADOPSYON

**Tan pa Presize** → **>20 Jou**

### Moun ki fè petisyon an di li ap kontinye

- Fè konnen li vle pou yo konsidere li pandan yon Odyans Komisyon Zonaj la

### Komisyon Zonaj la Anonse yon Odyans

- Anons nan yon jounal toupatou nan vil la epi/oswa jounal nan katye a

### Depatman Planifikasyon an Finalize Rapò a

- Depatman Planifikasyon an bay rapò ak rekòmandasyon final la

### Odyans Komisyon Zonaj la

- Komisyon Zonaj la òganize yon odyans piblik epi yo vote sou modifikasyon zonaj yo pwopoze a

# MIZAJOU ANPLIS: KONSÈY VIL LA

**Konsèy Vil Boston an kapab mande Komisyon Zonaj la pwopoze chanjman nan zonaj la tou.**

- Yo anonse pwosesis sa a ofisyèlman nan Atik 5
- Ajoute yon reyinyon piblik ogligatwa, ki sanble ak pwosesis petisyon elektè yo konn fè a


CITY COUNCIL ZONING PETITIONS FOR TEXT AMENDMENTS

Overview

Petition to Amend Bulfinch Triangle Zoning for Residential Uses (Article 46)

Petition to Amend Honey Bee Regulations (Article 2A, Article 8, and Article 89)

Contact

ZoningCommission@Boston.gov

Overview

The Boston City Council may petition the Zoning Commission to adopt an amendment to the Zoning Code. The Planning Department and the Zoning Commission are currently in receipt of the following petition(s). The petition(s) are included here as submitted, along with any relevant Report to the Zoning Commission prepared by the Planning Department

Petition to Amend Bulfinch Triangle Zoning for Residential Uses (Article 46)

Date Received

January 29, 2025

*Enfòmasyon sou modifikasyon resan Konsèy Vil la te fè yo, disponib anliy.*




# PWOCHEN ETAP YO

3

# DELÈ ADOPSYON

**3 SEPTANM 2025**
Pibliye Pwojè Zonaj

**3 SEPTANM 2025**
Reyinyon Piblik Vityèl

NOU LA

**Orè Vityèl pou Biwo**

9/9 | 1:00 PM - 2:00 PM
9/11 | 5:00 PM - 6:00 PM
9/17 | 5:00 PM - 6:00 PM
9/19 | 11:00 AM - 12:00 PM
9/23 | 5:00 PM - 6:00 PM
9/25| 3:00 PM - 4:00 PM

**1YE OKTÒB 2025**
Peryòd Kòmantè Piblik la Fèmen

**16 OKTÒB 2025**
Konsèy Administrasyon BPDA Reyinyon

**NOVANM 2025**
Komisyon Zonaj Boston

**Peryòd Kòmantè Piblik** → **Adopsyon Zonaj la**

# MÈSI

## OU GEN KESYON?

**JACK HALVERSON** Jack.Halverson@boston.gov

**AHREHON THOMPSON** Ahrehon.Thompson@boston.gov

**OSWA ALE SOU:**

bosplans.org/ConstituentPetitions